

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Éksisténsi basa minangka alat komunikasi mangrupa jawaban tina masalah sosial. Ieu hal patali jeung fungsi basa nu digunakeun manusia pikeun ngaéksprésikeun rasa, kahayang, sarta eusi pikiranana. Dardjowidjojo (2012, kc. 16) nétélakeun yén basa mangrupa simbol lisan nu sipatna *arbitré*, dipaké ku masarakat pikeun komunikasi dumasar kana kabudayaanna. Ari *arbitré* bisa dihartikeun minangka hiji maksud omongan nu sakarepna.

Panalungtikan basa teu bisa eureun kitu waé dina tataran struktural. Dina sababaraha situasi, analisis ngeunaan aspék-aspék di luar basa téh diperlukeun pikeun ditalungtik. Salah sahiji masalah dina komunikasi basa nyaéta kabiasaan panyatur nalika nepikeun informasi téh mibanda ma'na nu béda, teu luyu jeung struktur basa nu dipaké. Ku kituna, tina éta masalah, muncul ulikan pragmatik nu nalungtik ngeunaan aspék-aspék di luar basa, salah sahijina ngeunaan ma'na omongan. Crystal (dina Sudaryat, 2015, kc. 126) nyebutkeun yén pragmatik nyaéta élmu nu ngulik basa dumasar kana kontéks situasi. Éta aspék jeung kontéks situasi téh bisa mangaruhan ma'na omongan hiji jalma. Luyu jeung sawangan Crystal, Yule (2014, kc.3) ogé nyebutkeun yén pragmatik nyaéta studi ngeunaan ma'na nu ditepikeun ku panyatur tuluy ditafsirkeun ku pamiarsa. Dumasar kana pedaran saméméhna, dina prosés komunikasi, panyatur kudu bisa ngainterprétasikeun maksudha kalayan hadé ka pamiarsa.

Ulikan basa ngeunaan ma'na mibanda kalungguhan nu kacida pentingna. Éta hal patali jeung urgénsina minangka instrumén nu cocog pikeun ngaréngsékeun masalah dina prosés komunikasi, saperti salah tafsir atawa *miscommunication*. Masalah-masalah nu muncul nalika ngalakukeun komunikasi, bisa ngabalukarkeun teu kahontalna tujuan tina éta kagiatan.

Grice (dina Leech, 2015, kc. 13) nétélakeun ma'na omongan nu teu luyu jeung wujudna bisa dijéntrékeun ngaliwatan implikasi-implikasi pragmatik nu disebut implikatur. Implikatur nyaéta ma'na teu langsung tina naon nu diucapkeun (eksplikatur) (Grice dina Arifin, 2000, kc. 154-155). Maham kana implikatur

atawa ma'na nu aya di luar basa téh penting pisan. Ieu hal luyu jeung pamadegan Levinson (dina Nadar, 2009, kc. 61) nu nyebutkeun yén implikatur minangka salah sahiji jejer penting dina ulikan pragmatik. Maksudna, béda jeung pedaran pragmatik nu séjenna, implikatur sacara husus bisa méré informasi éksplisit ngeunaan ma'na nu leuwih tina wujud omonganana. Grice (dina Bachari & Juansah, 2017, kc. 82) ngabédakeun implikatur jadi dua, nyaéta implikatur konvénisional jeung implikatur non-konvénisional (*implicature conversation*). Implikatur konvénisional mangrupa implikasi pragmatik nu dicangking langsung tina ma'na kecapna. Ari implikatur paguneman (*implicature conversation*) nyaéta implikatur nu mibanda wangan ma'na nu leuwih variatif (Grice dina Purwanti, spk., 2016). Salian ti mibanda ma'na nu variatif, ieu implikatur ogé dipangaruhan ku prinsip paguneman sarta kontéks situasi nalika omongan ditepikeun ku panyaturna.

Konsép implikatur paguneman atawa *implicature conversation* ku Grice dipatalikeun jeung kaédah nu aya dina prinsip gawé bareng. Grice (dina Nadar, 2009, kc. 24) ngarumuskeun prinsip gawé bareng nu eusina “*Make your conversational contribution such as is required, at the stage at which it occurs, by the accepted purpose or direction of the talk exchange in which you are engaged...*”. Dasar ieu prinsip paguneman téh nyaéta ngatur hal-hal nu kudu dilakukeun ku panyatur sangkan tujuan tina prosés komunikasi bisa kahontal. Dina prinsip gawé bareng disebutkeun ogé opat maksim nu sacara husus méré kontribusi kana paguneman. Éta opat maksim téh nyaéta maksim kualitas, kuantitas, cara, jeung rélevansi (Cummings, 2007, kc. 15). Wijana nyebutkeun sangkan prosés komunikasi bisa lancar dibutuhkeun gawé bareng antara panyatur jeung mitra catura (dina Nadar, 2009, kc. 26). Sanajan prinsip gawé bareng dibutuhkeun dina komunikasi, Grice ogé sadar yén nyatana dina sababaraha situasi, panyatur téh teu nyumponan éta maksim-maksim. Grundy (dina Fajri, 2017, kc. 3) nyebutkeun yén maksim gawé bareng teu dicumponan téh mangrupa maksud implisit panyatur sangkan mitra catura bisa nangtukeun proposisina. Satuluyna, éta proposisi téh ngawujud implikatur. Ku kituna, salian ti ngalakukeun gawé bareng, pangaweruh panyatur jeung pamiarsa téh kudu sarua sangkan teu ngabalukarkeun *misconception* atawa kasalahpahaman.

Grice (dina Purwanti, spk., 2016) nyebutkeun yén implikatur paguneman mibanda hubungan jeung kontéks situasi omongan sarta dipangaruhan ku prinsip paguneman gawé bareng. Luyu jeung éta pedaran, Yule (2014) ogé nétélakeun yén implikatur paguneman bisa muncul lantaran dibalukarkeun ku panyatur anu ngarempak maksim-maksim nu aya dina prinsip paguneman. Pamadegan Yule saméméhna, luyu jeung Thomas (dina Fajri, 2017, kc. 3) nu nyebutkeun yén omongan nu ngarempak maksim prinsip paguneman bakal nuduhkeun maksud-maksud implisit. Maksim-maksim nu teu kacumponan nalika panyatur nepikeun informasina, nyiptakeun maksud nu béda atawa leuwih tina wujud omonganana. Tina pedaran ahli di luhur, bisa dicindekeun yén implikatur paguneman téh mangrupa omongan panyatur sipatna implisit anu ditepikeun ku cara ngarempak maksim dina prinsip paguneman gawé bareng.

Masalah implikatur paguneman ogé kapaluruh dina paguneman antartokoh dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri. Kumpulan carpon *Dukun Lepus* mangrupa salah sahiji karya sastra nu nyaritakeun éksisténsi kahirupan masarakat étnis Sunda. Dina ieu kumpulan carpon, digambarkeun kahirupan sosial masarakat Sunda mangsa Walanda, Jepang, jeung Révolusi. Nu matak has tina ieu kumpulan carpon nyaéta cara pangarang dina nepikeun caritana. Dina nepikeun caritana, pangarang leuwih fokus kana paguneman tokoh tinimbang narasina. Paguneman nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* téh ngawengku implikatur paguneman nu dijadikeun korpus data dina ieu panalungtikan. Ieu di handap salah sahiji paguneman nu aya dina carpon “Lini” (Bakri, 2002, kc. 277-278).

Bring waéh.

“Asa rék gedé mangpaatna nya euy lini téh keur Si Agus mah!”

“Hih tuda sagala ogé sugri kersaning Pangéran mah taya nu teu mangpaat... kari bisa waé napakuranana... nu pugu

h waé geura, tukang kayu, tukang témbok baris maréma, réa imah oméaneun.”

“Urang gé mun ditampik ku pimitohaeun mending ngondang sakadang lini, neda kamandangna.”

“Yéh, ngabarabékeun sajajagat siah!”

Kontéks situasi tina cutatan di luhur nyaéta tokoh *Agus* nu dianggap ku babaturanana keur dibagéakeun ku lini. Ceuk maranéhna ku ayana lini, tokoh

*Agus* bisa jadi minantu idéal lantaran bisa nulungan kolot kabogohna nu keur kamusibatan. Disebutkeun ogé yén hubungan antara tokoh *Agus* jeung kolot kabogohna téh teu akur. Kolot kabogoh *Si Agus*, teu resep lantaran manéhna lain ti kulawarga beunghar. Ieu hal katitén tina omongan “Asa rék gedé mangpaatna nya euy lini téh keur *Si Agus* mah!” Saterusna babaturanana nuturkeun, “Urang gé mun ditampik ku pimitohaeun mending ngondang sakadang lini, neda kamandangna”. Éta omongan téh mibanda ma’na teu langsung atawa implikatur paguneman. Maksud tokoh *urang* dina omongan “mending ngondang sakadang lini”, nyaéta lantaran manéhna hayang bisa dibagéakeun ku lini cara tokoh *Agus*.

Panalungtikan ngeunaan implikatur paguneman téh lain barang anyar, saméméhna kungsi aya, di antarana (1) “Analisis Implikatur Percakapan Tokoh Chieko dalam *Novel Koto* Karya Yasunari Kawabata” (Astuti, 2011) ngeunaan implikatur omongan nu diwatesan kana omongan tokoh utama Chieko dina Novel Jepang *Koto* karya Yasunari Kawabata, (2) “Implikatur Percakapan pada Novel 99 *Cahaya di Langit Eropa* Karya Hanum Salsabiela Rais dan Rangga Almahendra serta Implikasinya terhadap Pembelajaran Bahasa dan Sastra Indonesia” (Hernita, 2014) ngeunaan implikatur paguneman nu aya dina novel 99 *Cahaya di Langit Éropa* dipatalikeun jeung prinsip rélevansi Sperber Wilson sarta tinimbangan éta panalungtikan pikeun bahan pangajaran basa jeung sastra Indonesia, (3) “Implikatur Komik Doraemon: Pendekatan Pragmatik” (Rahmawati, 2009) ngeunaan *kesamaran* maksim sarta kasang tukangna dina implikatur paguneman komik Doraemon.

Najan méh sarua jeung panalungtikan saméméhna nu medar implikatur paguneman, tapi dina ieu panalungtikan leuwih nyindekeul kana wanda implikatur paguneman, ajén komunikatif, sarta eusi implikatur paguneman. Béda perkara jeung panalungtikan nu kahiji, anu museur kana paguneman tokoh utama, dina ieu panalungtikan, korpus nu dipaké nyaéta sakabéh paguneman nu mibanda implikatur paguneman. Kadua, implikatur paguneman nu muser kana prinsip réléansi Sperber Wilson nu satulunya diimplikasikeun kana bahan pangajaran, sedengkeun dina ieu panalungtikan implikatur paguneman nu dianalisis téh ngagunakeun prinsip gawé bareng Grice. Sarta nu katilu, museur kana kasang tukang *kesamaran* maksim dina implikatur paguneman. Pedaran saméméhna

ngabuktikeyun yén jejer nu baris ditalungtik téh bédha. Salian ti éta, sumber data nu digunakeun ogé bédha jeung panalungtikan saméméhna.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtikan anu judulna “Implikatur Paguneman dina Kumpulan Carpon *Dukun Lepus* Karya Ahmad Bakri (Tilikan Pragmatik)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Réa aspék jeung unsur nu bisa ditalungtik tina ulikan pragmatik hususna implikatur paguneman. Ku kituna, perlu aya watesan masalah sangkan ieu panalungtikan leuwih fokus sarta teu lega teuing. Watesan masalah jeung ambahan ieu panalungtikan ngawengku paguneman langsung tokoh-tokoh nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* nu mibanda implikatur paguneman anu dibalukarkeun ku dirempakna maksim dina prinsip gawé bareng, wanda, ajén komunikatif, sarta eusi implikatur pagunemanana.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, rumusan masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah tanya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha wanda implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri?
- b. Kumaha ajén komunikatif implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri?
- c. Kumaha eusi implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan mibanda sababaraha tujuan. Éta tujuan-tujuan téh kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung husus. Luyu jeung watesan panalungtikan sarta rumusan masalah, ieu di handap dijéntrékeun tujuan umum sarta husus ieu panalungtikan.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeyun implikatur paguneman katut wanda, ajén komunikatif, sarta eusi implikatur paguneman.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Salian ti tujuan umum nu dijéntrékeun di luhur, sacara husus, ieu panalungtikan ogé mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeyun tilu perkara saperti ieu di handap, nyaéta

- a. wanda implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* Karya Ahmad Bakri;
- b. ajén komunikatif implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri; sarta
- c. eusi implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan nyoko kana mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis saperti ieu di handap.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Dina unggal panalungtikan tangtu dipiharep bisa méré mangpaat. Ku kituna, mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa atawa mampuh nambahana sarta ngajembaran paélmuan ngeunaan ma'na teu langsung atawa implikatur paguneman, katut wanda, ajén komunikatif, sarta eusi implikatur pagunemanana.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Salian ti mangpaat tioritis nu dipedar di luhur, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré mangpaat sacara praktis pikeun panalungtik jeung nu maca. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap wincikan mangpaat tina ieu panalungtikan.

##### **a. Mangpaat pikeun panalungtik**

Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu pragmatik hususna dina implikatur paguneman. Salian ti éta, dipiharep ieu panalungtikan ogé bisa méré kontribusi minangka data rujukan pikeun panalungtikan kahareupna.

b. Mangpaat pikeun nu maca

Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngajembaran élmu pangaweruh nu maca ngeunaan wanda implikatur paguneman, ajén komunikatif implikatur paguneman, sarta eusi implikatur paguneman.

### **1.5 Struktur Organisasi Tulisan**

Struktur organisasi tulisan mibanda fungsi pikeun méré gambaran sacara gembleng ngeunaan hiji panalungtikan. Ieu panalungtikan téh disusun dina lima bab, saperti nu dijéntrékeun ieu di handap.

Bab I Bubuka, ngawengku sababaraha subbab saperti kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi tujuan umum jeung husus, mangpaat panalungtikan nu kabagi jadi mangpaat tioritis jeung praktis, sarta struktur organisasi tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngajéntrékeun ngeunaan tiori-tiori nu ngarojong ieu panalungtikan, panalungtikan saméméhna nu rélevan jeung widang nu ditalungtik, sarta posisi tioritis dina masalah nu ditalungtikan dina widang paélmuan.

Bab III Métodeu Panalungtikan, eusina ngeunaan métodeu nu dipaké dina ieu panalungtikan. Salian ti éta, subbab nu aya dina ieu bab nyaéta désain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan, eusina medar hasil analisis data jeung bahasanana dumasar kana rumusan masalah. Éta analisis téh dumasar hasil tina dipatalikeunana tiori-tiori jeung data.

Bab V Kacindekan, implikasi jeung Rékoméndasi, eusina nyoko kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta méré saran ka panalungtikan salajengna.